# Барлық исбилерменлер дыққатына!

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-майдағы 5030-санлы Пәрманы менен дузилген «Нукус-фарм» ЕЭЗ – бул республикамыз фармацевтика тараўында бизнести раўажландырыўға ҳәм инвестиция енгизиўге бағдарланған жойбарларды иске асырыў ушын қолайлы, айрықша шараятларға ийе универсал майдан.

**«Нукус-фарм» ЕЭЗ жаратыў мақсети**: Республикада фармацевтика тараўын раўажландырыў, дәри-дармақ базарын өзимизде ислеп шығарыў, жаңа жумыс орынларын жаратыў, Қарақалпақстан Республикасы өндирис ҳәм мийнет ресурслары потенциалынан толық пайдаланыў.

**«Нукус-фарм» ЕЭЗ ислеў дәўиринде оның аймағында айрықша салық, бажыхана ҳәм валюта режимлери әмел етеди.**

Қатнасыўшылар киргизген инвестиция муғдарына қарай 3 жылдан 10 жылға дейинги муддетке төмендеги төлемлерден азат етилди.

*Жер салығы, дәрамат салығы, юридикалық шахслардың мүлк салығы, абаданластырыў ҳәм социаллық инфраструктураны раўажландырыў салығы, микрофирма ҳәм киши кәрханалар ушын бирден-бир салық төлеми, бюджеттен тысқары қорларға мәжбурий ажыратпалар (пенсия қорынан тысқары), бажы төлемлери (бажыхана рәсмийлестириў жыйымларынан тысқары)*

Коммерциялық банклер тәрепинен «Нукус-фарм» ЕЭЗ қатнасыўшыларына белгиленген тәртипте кредитлер ажыратылады, сондай-ақ гиреў тәминаты болмаған ямаса жетиспеген жағдайда, ускенелер лизинг тийкарында бериледи.

**Ҳурметли исбилерменлер!**

Сизлерди киши санаат зоналары қатнасыўшысы болыўға мирәт етемиз.

“Қарақалпақстан Республикасы киши санаат зоналары дирекциясы”

**Мағлыўмат ушын телефонлар:** **222-59-55**

Sa'ne: 31.03.2018 12:03, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'